

BAHASA JAWA BAB 2

Nama : _____

No: _____

Kelas : _____

PAWARTA

Pawarta yaiku andharan marang liyan ngenani kedadean kang nyata.

Pawarta kanggone wong yaiku andharan ngenani kedadean utawa andharane manungsa kang perlu diweruhi.

Pawarta kanggone layang kabar mujudake andharan, katrangan, utawa njlentrehan kang dibutuhake masyarakat.

Kabutuhane manungsa bab warta mesthine bedda-beda, mulane ana layang kabar warna-warna.

Tuladhane layang kabar basa Jawa awujud kalawarti:

- Jaya Baya
- Panjebar Semangat
- Jemparing
- Mekar Sari

✚ Kalawarti : warta/ kabar kang diterbitake kala-kala/ ora saben dina, minggon, sasen, lan sapunanggalane.

✚ Ariwarti : warta/kabarkang diterbitake saben dina.

Jinise Pawarta

1. Adhedasar isine: pawarta bab pendidikan, agama, politik, kewarasan, ekonomi, hiburan, lingkungan, hukum, tatanen, olahraga, lan sapanunggalane.
2. Adhedasar sumbere:
 - Fakta, pawarta saka kedadean langsung/nyata.
 - Opini, pawarta kang wujud andharan wong kang ngalami sawijine kedadean
 - Campuran antarane kedadean lan panemune nara sumber kang ahli ing bab kedadean kasebut.
3. Adhedasar bobote fakta:
 - Pawarta fakta/ kedadeane pancen bener ana.
 - Pawarta ditambah andharan bab kedadeane.
 - Pawarta opini, awujud andharane wartawan.
 - Pawarta apus-apan.
4. Adhedasar sumbere pawarta/ wilayah:
 - Lokal (wilayah kabupaten/kota)
 - Regional (wilayah propinsi)
 - Nasional (negara)
 - Internasional (donya)

GLADHEN!

Pilih kotak B yen pranyatane bener lan kotak S yen pranyatane salah!

No	Pranyatan	B	S
1	Pawarta kudu ngandharake kedadean kang nyata.	☐	☐
2	Pawarta kang ngandharake kedadean nyata diarani opini	☐	☐
3	Fakta yaiku pawarta kang awujud kedadean nyata ditambah penemune ahli.	☐	☐
4	Saben wong butuh pawarta.	☐	☐
5	Pawarta bisa awujud hiburan	☐	☐
6	Saben dina mesthi ana pawarta	☐	☐
7	Kalawarti kang isih terbit nganti saiki yaiku Jaya Baya	☐	☐
8	Kalawarti yaiku kabar kang terbite saben dina	☐	☐
9	Golek pawarta anyar bisa khanti maca layang kabar lan ndheleng TV	☐	☐
10	Pawarta kang ditambahi wong kang ngalami diarani opini	☐	☐

Wacanen paragraf ing ngisor iki, banjur owahen ukara ngoko lugu sing kacetak miring dadi ukara krama inggil !

Bima lunga menyang Surabaya. Wis suwe Bima pengin menyang Surabaya. Ibune janji yen bijine apik arep dijak menyang Surabaya. Unggah-unggahan kelas lima iki Bima juwara loro ing kelase.

Ing Surabaya Bima nginep telung dina. Bima rumangsa seneng karo sedulur misanane. Dina kang ketelu Bima dijak rujakan karo budhene. Surti nyepakake kates lan nanas. Budhene nyepakake bumbon. Bima diutus budhene tuku gula ing toko cedhak omah.

Bima atine rumangsa marem. Kepenginane wis keturutan. Saben dina Bima mlaku-mlaku. Bima seneng ndeleng keramean ing kana. Kabeh kang dialami dichatet ing bukune, minangka kenang-kenangan. Rencanane sesuk Bima arep muleh menyang Malang jam loro awan.

Ukara Ngoko	Ukara Krama Lugu
<i>lunga</i>	
<i>nginep</i>	
<i>tuku</i>	
<i>muleh</i>	